



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE PWOKLAMASYON KI SELEBRE SEMÈN KLIMA NAN ETA NEW YORK

*Pwoklamasyon an reyafime angajman New York pou lite kont chanjman klimatik,  
atenn objektif klimatik ak enèji pwòp nasyonal yo*

*Li pwoklamasyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki anonse 19-25 septanm 2022 kòm Semèn Klima nan Eta New York. Anons lan reyafime angajman New York pou redui anprent kabòn li yo, fè kominote yo vinpi rezistan, epi ankouraje aksyon pou atake chanjman klimatik ak kreye nouvo opòtinite pou tout Nouyòkè yo. Semèn Klima a obsève nan Vil New York chak ane, kote ane sa ap make 14yèm ane kòm pi gwo evènman mondyal nan jan li.

"New York ap mete an aplikasyon plan ki pi anbisyè nan peyi a pou redui emisyon gaz a efè sè danjere ki afekte klima nou epi fè avanse yon ekonomi enèji pwòp pou atenn objektif agresif nou yo kòm yon pati nan kad Lwa sou Klima," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman transfòmasyon nou yo nan pwojè ak enfrastrikti renouvlab ak dirab yo ap asire ke New York nan avangad aksyon klimatik avèk yon objektif sou jistis anviwònman pou benefisye tout Nouyòkè pou plizyè ane alavni".

Dapre Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik la, nèf ane soti 2013 jiska 2021 klase pami 10 ane ki pi cho nan dosye yo, kote 2021 se sizyèm ane ki pi cho ki anrejistre. Gwo tanpèt ak inondasyon, chalè ekstrèm, sechrès, ak polisyon nan lè a te menase sante ak kalite lavi Nouyòkè yo, epi enfrastrikti nou an kontinye gen danje ki gen rapò ak klima ki menase yo, tankou ogmantasyon nivo lanmè, inondasyon bò lanmè, ak gwo evènman presipitasyon entans.

An 2019, Eta New York te adopte Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (CLCPA) nasyonal la ki te egzije yon rediksyon nan emisyon gaz a efè sè nan tout eta a nan 40 pousan pa rapò ak nivo ane 1990 disi 2030, ak 85 pousan disi 2050 k ap mete Eta a sou yon chemen pou netralite kabòn. Konsèy Aksyon sou Klima Eta New York ki gen 22 manm lan te kreye dapre CLCPA a epi li te pibliye yon Pwojè Plan sou Limit pou satisfè limit emisyon gaz a efè sè yo pou kòmantè piblik la epi li pral konplete yon Plan Final sou Limit nan fen ane a.

Eta New York ap mete jistis anviwònman an devan ak nan sant avèk yon angajman pou bay kominote defavorize yo 35 pousan, ak yon objektif omwen 40 pousan, benefis jeneral ki soti nan investisman nan enèji pwòp ak efikasite enèji. CLCPA etabli tou ajanda enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, ki egzije 70 pousan elektrisite renouvlab dis 2030, ak 100 pousan elektrisite zewo emisyon dis 2040.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon sou Klima nan Eta a, Basil Seggos, te deklare,** "Eta New York ap pran mezi odasye pou diminye emisyon gaz a efè sè k ap chanje klima, amelyore sante ak kalite lavi Nouyòkè yo, epi pwoteje anviwònman an. Travay Konsèy Aksyon sou Klima a ap ede asire nou atenn objektif agresif klimatik nou yo ki dekri nan Lwa sou Klima a epi ki priyore kominote defavorize yo ki te istorikman debòde akòz chanjman klimatik. Semèn Klima sa a, nou mete ansanm ak patnè lokal, eta ak federal nou yo pou nou fè avanse objektif kolektif nou yo pou yon avni ki pi pwòp, ki meyè".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York ak Ko-prezidan Konsèy sou Klima Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Semèn Klima sa a se yon rapèl ke New York patikilyèman byen plase anba lidèchip Gouvènè Hochul pou pwofite moman sa a epi fè fas ak defi klima yo davans nan avantaj tout Nouyòkè yo. NYSERDA espere kontinye travay li pou redui anprent kabòn eta a, rann kominote nou yo pi rezistan, epi atravè planifikasyon ak kolaborasyon reflechi Konsèy Aksyon sou Klima a, kreye nouvo opòtinite pou jenerasyon kap vini yo pandan n ap travay ansanm pou reyalize objektif klimatik ak enèji pwòp nasyonal nou an".

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Li enpòtan pou nou pran moman sa a pandan Semèn Klima a pou nou rekonèt efò kolaborasyon eta a pou redui emisyon kabòn epi bese efè chanjman klimatik yo. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap redouble efò li pou dekarbonize ekonomi an atravè investisman nan rezistans transmisyon, jenerasyon renouvlab, veyikil elektrik, ak mezi efikasite enèji".

Eta New York gen plis pase 120 pwojè solè, ewolyen ki baze sou tè, ak pwojè ewolyen bò lanmè ki an devlopman atravè Eta a ki pral kapab founi plis pase 66 pousan elektrisite New York avèk sous renouvlab yo yon fwa yo fini. Eta a ap investi tou nan plis rezistans ak fyabilite sistèm transmisyon an atravè devlopman nan anpil pwojè gwo enpak ki pral pèmèt transfè efikas enèji renouvlab nan tout Eta a.

Kòm lidè nan tranzisyon nan enèji pwòp ak renouvlab, Eta New York ap investi nan teknoloji inovatè k ap kreye nouvo opòtinite ekonomik atravè Eta a, ki gen ladan pwogram tankou NY-Sun, ReCharge NY, NY Green Bank, ansanm ak pwogram pou ede kominote yo aplike aksyon sou klima nan nivo lokal, ki gen ladan inisyativ siveyans lè kominote nan tout eta a, Pwogram Kominote Entelijan pou Klima, Santral Enèji Pwòp yo, BuildSmart2025, Smart Street Lighting NY, Evolve NY, ak Charge NY.

## **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York la**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou ane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji pou itilizasyon final.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418